# 2021- (ҳижрий 1442) жылғы закат нысабы, питир садақасы ҳәм фидя муғдары белгиленди

*Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа комиссиясының 2021 (ҳижрий 1442) жылғы закат нысабы, питир садақа ҳәм фидя муғдары бойынша*

*ҚАРАРЫ*

Image not found or type unknown

Закаттың алтыннан нысабы 85 грамм болып, бүгинги күнде 1 грамм алтынның орташа баҳасы 320 000 (үш жүз жигирма мың) сўм екенлигин итибарға алып, быйылғы **ЗАКАТ** нысабы **27 200 000 (жигирма жети миллион еки жүз мың)** сўм деп белгиленди.

Соған көре, зәрүр мүтәжликтен тысқары бир жыл даўамында **27 200 000 (жигирма жети миллион еки жүз мың)** сўм ҳәм оннан артық қаржыға ийе болған мусылман адам жәми ақшасының қырықтан бири (1/40) н есаплап, оны закат нийетинде кәмбағал ҳәм мүтәжлерге береди.

Питир садақасының муғдары бийдайдан ярым соъ (2 кг.), арпадан бир соъ (4 кг.), кишмиштен ярым соъ (2 кг.) ҳәм хурмадан бир соъ (4 кг.) болып табылады.

Бүгинги күнде усы өнимлердиң Ташкент қаласы базарларындағы баҳалары үйренилгенде 1 кг бийдай орташа 5 мың сўм, 1 кг арпа орташа 3, 5 мың сўм, 1 кг кишмиш орташа 40 мың сўм ҳәм 1 кг хурма орташа 35 мың сўм екени мәлим болды.

Соған көре, **ФИТР садақасы**ның муғдары:

- **бийдай**дан **2** кг **10 000 (он мың)** сўм;
- **арпа**дан **4** кг **14 000 (он төрт мың)** сўм;
- **кишмиш**тен **2** кг **80 000 (сексен мың)** сўм;
- **хурма**дан **4** кг **140 000 (бир жүз қырық мың)** сўм деп белгиленди.

Ҳәр ким өз мүмкиншилигине қарай бул төрт өнимниң қәлеген бир түринен питир садақасын берсе жеткиликли болады.

Фидя муғдары бир мискинниң бир күнлик азық-аўқаты муғдарында болып, бүгинги күнде бул орташа 25 000 (жигирма бес мың) сўмга туўры келгенинен, булл жылғы **ФИДЯ** муғдары бир күн ушын **25 000 (жигирма бес мың)** сўм, бир айға **750 000 (жети жүз елиў мың)** сўм деп белгиленди.

~~*Еслетпе: Усы баҳалар Ташкент қаласы базарларындағы баҳаға тийкарланып белгиленди. Ҳәр бир ўәлаят өз базарларындағы баҳадан келип шығып, питир садақасын белгилейди.*~~

**Өзбекстан мусылманлары басқармасы Пәтиўа комиссиясы**